

# Tit VI

Annakò avèk Tit VI Lwa 1964 konsènan Dwa Sivil yo, Minisipalite Vil Santiago angaje pou asire pa gen moun nou eskli, bay refi nan avantaj yo, oswa ki viktим pratik diskriminasyon nan okenn nan pwogram ak aktivite minisipal yo.

Minisipalite Vil la administre pwogram ak aktivite li yo san konsiderasyon ras, koulè, peyi kote moun fèt, oswa lòt kondisyon pwoteje. Answit, Minisipalite Vil la entèdi anplwaye yo kontraktè yo ak nenpòt moun k ap pran desizyon sou non Minisipalite Vil la pratike diskriminasyon.

Si yon moun kwè li te viktим pratik diskriminasyon nan pwogram oswa aktivite Minisipalite Vil la akòz ras li, koulè li, oswa peyi kote li fèt, moun sa a ka depoze on plent fòmèl avèk Kowòdonatè Tit VI Minisipalite Vil San Diego nan 180 jou apre zak diskriminasyon (yo). Ou ta dwe siyen plent yo epi prezante yo alekri dapre youn nan metòd kontak yo ki endike anba a. Si ou prezante plent lan nan telefòn, anplwaye Minisipalite Vil la pral fè efò pou fè transkripsyon yon fòm plent epi y ap bay fòm nan ba moun ki depoze plent lan pou konfirmasyon oswa revizyon ak siyati anvan yo travay sou li. Si ou prezante plent lan nan imèl, imèl ou voye a ta dwe gen ladan plent ki siyen ak date kòm yon atachman. Si yon moun bezwen yon aranjman rezonab, li ka kontakte Kowòdonatè Tit VI pou jwenn asistans pou ranpli yon fòm plent.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou program Tit VI Minisipalite Vil la, ale sou sitwèb [www.sandiego.gov/TitleVI](http://www.sandiego.gov/TitleVI) oswa kontakte Kowòdonatè Tit VI:

202 C Street MS 8A  
San Diego, CA 92101  
[titlevi@sandiego.gov](mailto:titlevi@sandiego.gov)

Telefòn: **619-629-9073**  
Faks: **619-533-3320**



Minisipalite Vil San Diego ap asire gen aksè sèrve nan pwogram, sèvis, ak aktivite Minisipalite Vil la. Pou fè sa, nou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ak modifikasyon ki asosye avèk andikap, oswa lòt kalite fòma. Pou mande sèvis sa yo pou jwenn enfòmasyon ki endike nan depliyan sa a, kontakte Kowòdonatè Tit VI avèk youn nan metòd yo ki endike anwo a.

- Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki disponib.
- Hay servicios de traducción e interpretación disponibles.
- 提供笔译和口译服务
- Dịch vụ dịch thuật và phiên dịch có sẵn.
- Mga serbisyó sa pagsasalin at interpretasyon ay magagamit.



Compliance  
Department



# Tit VI

## Pwoteksyon dwa sivil yo se bon biznis

Règleman nou se pou asire pa gen moun nan Etazini Damerik ki dwe eskli nan patisipasyon nan nenpòt pwogram ak aktivite nou yo, jwenn refi pou avantaj yo, oswa viktim nan pratik diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun fèt, sèks, laj oswa andikap.

Depatman an ap asire nou konfòme nou nèt avèk Tit VI Lwa 1964 konsènan Dwa Sivil yo, Lwa 1987 konsènan Retablisman Dwa Sivil yo ak lwa ak régleman asosye nan tout pwogram yo ak aktivite yo.

Si yon moun kwè li te viktim nan pratik ilegal diskriminasyon anba Tit VI, moun sa a gen dwa pou depoze yon plent fòmèl. Moun nan ta dwe depoze yon pliant kon alekri oswaq fas-a-fas avèk Depatman Transpò Twexas, Divizyon Dwa Sivil nmann 180 jou apre dat zak diskriminasyon ki nan akizasyon an.

### Kontakte Nou

Divizyon Dwa Sivil  
125 East 11th Street  
Austin, Texas 78701-2483  
(512) 416-4700  
[CivilRights@TxDOT.gov](mailto:CivilRights@TxDOT.gov)



[www.txdot.gov](http://www.txdot.gov)